

**PANGARUH NGAGUNAKEUN APLIKASI *GOOGLE CLASSROOM* DINU
PANGAJARAN KANA TINGKAT PAMAHAMAN SISWA DINA MATA
PELAJARAN PANATAAN PRODUK
(Survei Ka Kelas XI Pamasaran *SMKN 3 Bandung* Tahun Ajaran 2021/2022)**

Dwi Astuti Septiami

185020055

RINGKESAN

Ieu panalungtikan ngébréhkeun: (i) Kumaha pamakéan *aplikasi google classroom* dina pangajaran bisa mangaruhan kana tingkat pamahaman siswa kelas XI Pamasaran di *SMKN 3 Bandung*, (ii) Sajauh mana pangaruh pamakéan *aplikasi google classroom* dina pangajaran mangaruhan kana tingkat pamahaman siswa kelas XI Pamasaran di *SMKN 3 Bandung*, (iii) Sabaraha jauh tingkat pamahaman siswa kelas XI Pamasaran di *SMKN 3 Bandung* dina mata pealajaran panataan *produk tina* pangajaran ngagunakeun *aplikasi google classroom* di *SMKN 3 Bandung*. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan *kuantitatif* jeung *métode survéy*. Hasil tina ieu panalungtikan nya éta: (i) Pamakéan *aplikasi google classroom* miboga éfék positif dina mangsa pandemik Covid-19 kana tingkat pamahaman siswa kalayan nilai sig (0,000) α (0,05) sahingga H_0 ditolak jeung H_1 ditarima. (ii) *Aplikasi google classroom* miboga pangaruh anu signifikan jeung positip 69,9% kana tingkat pamahaman siswa kelas XI Pamasaran di *SMKN 3 Bandung* dina mata palajaran panataan produk. (iii) Faktor séjén anu mangaruhan kana tingkat pamahaman siswa dina pangajaran daring ngagunakeun *aplikasi google classroom* nyaéta 40,1% saperti gangguan *jaringan internét*, sarana jeung prasarana anu teu ngarojong jeung sajabana. Ahir panalungtikan ieu, panulis nyarankeun : (i) pikeun siswa sangkan bisa konsentrasi jeung merhatikeun katepatan waktu dina diajar, (ii) pikeun guru sangkan leuwih hadé nyiapkeun bahan pangajaran ngagunakeun *aplikasi Google Classroom*, (iii) pikeun sakola sangkan bisa nyiapkeun sarana jeung prasarana pikeun ngarojong pangajaran ku cara ngagunakeun *aplikasi Google Classroom*, (iv) sarta pikeun panalungtik nu séjénna bisa maluruh deui faktor-faktor séjénna anu mangaruhan kana tingkat pamahaman siswa ngagunakeun program aplikasi pangajaran nu séjénna.

Konci: *Google Classroom*, Tingkat Pamahaman